

Mambo Jesu Kristu varikuuya kunyika zvino. Izvi akazvireva ari pasipano makore 2000 akapfuura (Johane 14:7). Tinoziva seyi kuti achadzoka? Ndapota verenga zvakadudzirwa naMambo Jesu Christu zvichaitika pamagumo. Ukaverenga nekunanganidza zvakanyorwa mumagwaro aya nezvirikutika iye zvino zvinoratidza kuti Mambo Jesu vari kudzoka muhupenyu hwedu.

1 KUPUTSWA KWETEMBERI

Zvino Jesu akabuda muimba yaMwari, ndokuenda hake. Vadzidzi vake ndokuuya kuzomuratidza dzimba dziri muimba yaMwari. Akati: "Mudzidzisi, doonai zvakaite mabwe ayo nezvakaita dzimba idzo kunaka kwazvakaita kunoshamisa". Jesu akati kwavari, "Munoono zvinhu zvose izvi handiti! Zvirokwazvo ndinokuudzai kuti hakuna ibwe rinozosara richiri pamusoro perimwe risina kukoromoka" (Mateu 24:1-2; Mako 13:1-2; Ruka 21:5-6). **Zvakaratidzwa A.D. 70.**

2 ZVIRATIDZO ZVEKUUYA

Zvino kuzoti agara pasi mugomo reMiorivhi, pakatarisana neimba yaMwari, vana Pita naJemisi naJohane, naAndirirya vakamubvunza vari voga vachiti: Mudzidzisi "Tiudzeiwo kuti zvinhu izvozvi zvichaitika riniko? Uye chiratidzo chokuuya kwenyu nechokuguma kwepasi chichava cheiko?" (Mateu 24:3; Mako 13:3-4; Ruka 21:7).

3 VAREVI VENHEMA VACHANYUKA

Jesu akavapindura akati, "Ibvai machenjera kuti kurege kuva nomunhu angakutsaukanisai. Nokuti kuchava navanhu vazhinji vachauya muzita rangu vachiti, 'Ndini Kristu, izvozvi nguva yasvika'. Vachitsausa vanhu vazhinji. Musateerera zvanoreva kwete" (Mateu 24:4-5; Mako 13:5-6; Ruka 21:8).

4 HONDO NERUNYEREUPE RWEHONDO

Asi paya pamuchanzwa nezvemauto anenge achirwisana namashoko ehondo dzinorwisana kunzvimbo dziri kure, imi musatambudzika – musavhunduka kwete. Zvinhu izvozvi zvinofanira kumboitika zvazvo, asi kuguma kunegwa kusati kwasvika (Mateu 24:6; Mako 13:7; Ruka 21:9).

5 KURWISANA KWEMARUDZI | KUNDENGENDEKA KWENYIKA | NZARA NEMATENDA

Zvino Jesu akati kwavari, "Rudzi ruchamukira rumwe rudzi vachirwisana, noumambo huchamukirana nehumwe umambo huchirwisana. Kuchava nokundengendeka kukuru kwenyika, uye kunzvimbo zhinji kuchava nenzara namatenda. Ikoku ndiko kunenge kuri kuvamba kwenhamo" (Mateu 24:7; Mako 13:8; Ruka 21:10-11).

6 Asi izvozvo zvose zvinenge zvichingova kuvamba kwamatambudziko chete (Mateu 24:8; Mako 13:8).

7 KUTAMBUDZWA KWEMAKIRISTO

Imiwo zvichenjerere pachenyu. Asi izvozvo zvose zvisati zvaitika imi vachakusungai, vachikuonesai nhamo. Vachaenda nemi kumatere kudzimba dzokusangana dzavajuda vachindokuisai mujeri vachakusvitsai kumadzimambo nokumadzishe enyika nokuda kwezita rangu. Iyi ndiyo ichava nguva yenyu yokuti mundipupure (Mateu 24:9; Mako 13:9; Ruka 21:12-13).

8 Zvino paya pavanenge vachienda nemi kundokuisai kumatere regai kufunga nezvamuchazotaura. Asi kana nguva yacho ikanga yasvika, taurai zviya zvamunenge mapiwa panguva iyoyo. Nokuti hamusimi munezenge muchitaura kwete, asi Mweya Anoera ndiye achataura. Nokuti ini ndini ndinozokupai muromo wokutaura nawo nouchenjeri zvinosaka kuti vavengi yenyu ivava vatadze kukukundai, kana kurega kuramba zvamunoreva (Mako 13:11; Ruka 21:14-15).

9 KUKUMIKIDZWA KWEMHURI

Vazhinji vachagumburwa. Mukoma achakumikidzira munun'una wake kuti aurayiwe, nababa vachakumikidza mwana wavo, navanawo vachamukira vabereki vavo vachivaurayisa. Imi muchavengwa navanhu vose nokuda kwezita rangu.

Asi hapana nyangwe ruvhudzi rwomumusoro wenyu rumwe chete zvarwo rucharasika. Kushinga kwamuchaita ikoko ndiko kunozoponesa upenyu hwenyu (Mateu 24: 9-10; Mako 13:12-13; Ruka 21:16-19)

10 RUDO RUCHAPERERA

Vanhu vazhinji vachapererwa norudo nokuti kusarurama kuchawanda kwazvo. Asi munhu uya anozotsungirira kusvikira pakuguma ndiye achaponeswa (Mateu 24:12-13).

11 Uyezve **MASHOKO AKANAKA IWAYA OUMAMBO** achaparidzwa munyika dzose kutanga kuti agova chapupu kumarudzi ose. Ipapo kuguma kuchazobva kwosvika (Mateu 24:14; Mako 13:10).

12 MSHARADZI YAKANYANGARA UYA ANORAVA NGAAYEUKU MUJERUSAREMA

Zvino pamuchaona Jerusarema rakombwa nehondo, chizivai kuti rave kuda kuparadzwa (Ruka 21:20). "Naizvozvo paya pamunozoono *msharadzi yakanyangara* yomira paisakafanira kumira, uya anorava ngaayeuke. Vaya vari muJudiya ngavazizire kumakomo, vaya vari mukati meguta ngavabudemo, vaya vanenge vari kumaruwa ngavachirega kupindamo. Uya anenge ari padenga reimba ngaarege kuburuka kana kupinda mumba make kundatora chinhu chirimo. Nomunhu anenge ari mumunda ngaarege kudzokera kumusha kundatora hanzu dzake (Mateu 24:15-18; Mako 13:14-16; Ruka 17:31; 21:21). Pamazuva iwayo vadzimai vane pamuviri navanoyamwisa ndivo vachaona nhamo. Itonamatai Mwari kuti kutiza kwenyu ikoko kurege kuzoitwa panguva yechando kana pamusi weSabata (Mateu 24:19-20; Mako 13:17-18; Ruka 21:23). Vachaurayiwa namapakatwa, vachitapwa vachiendwa navo kundudzi dzose. Jerusarema richatsokodzerwa navanhu vekunze kusvikira nguva yavanhu vokunze ava yapera (Ruka 21:24).

13 NGUVA YEKUTAMBUDZWA KWAJACOB

(Jeremiya 30:6-7)
Nokuti *mazuva iwayo* achava mazuva

okutambudzika, kutambudzika kwakadaro kusati kwakambovapo kubvira pakusikwa kwakaitwa zvinhu naMwari kusvikira zvino. Uye hakuzofi kwakavapozve. Asi Tenzi akatapudza mazuva iwayo. Dai asina kudaro, kungadai kusina kunyange chinhu chimwe chete chaizosara chiri chipenyu. Asi nokuda kwavakasarudzwa vava vaakasarudza, mazuva iwayo akatapudzwa (Mateu 24:21-22; Mako 13:19-20; Ruka 21:23). Nokuti mazuva iwayo ndiwo mazuva aya okutsiva kuti zviya zvakanyorwa zviitike (Ruka 21:22).

14 VAREVI VENHEMA NECHIPROFITA CHENEMA NEZVA CHRISTU

Zvino kana munhu achiti kwamuri *'Inzwai kristu ari pano!'* Imi regai kuendako. Nokuti kuchauya vanhu vanoreva nhema vachiti, *'Tiri vana Kristu, tiri masvikiro aMwari'*. Vachaita mashura nezviratidzo kuti kana vachigona vatsause vakasarudzwa. Asi imi ibvai machenjera nokuti ndagara ndakuudzai zvinhu zvose (Mateu 24:23-24; Mako 13:21-23). Naizvozvo kana mukazonzwa voti Mesiya ari murenje regai kuendako. Uye mukazonzwa voti ari mudzimba dzomukati musazvibvume. Nokuti sezviya zvinoitwa mheni ichipenya inovhenekera nyika ichibva-kumabvazuva kuno rumwe rutivi- nokuenda kumavirira, ndizvo zvichaitawo Mwana womunhu pamusi wekuuya kwake (Mateu 24:26-27; Ruka 17:23-24).

15 ZVIRATIDZO ZVEDENGA

Shure kwamatambudziko *amazuva iwayo*, pakerepo zuva richazobva rasviba kuti ndo-o, mwedzi hauchazocheni, nyenyedzi dzichawira pasi, masimba edenga achandengendeka (Mateu 24:29; Mako 13:24-25; Ruka 21:25). Uye panika pachava nokutambudzika kukuru kwazvo kwavanhu vachivhundutswa nokutinhira kwegungwa namafungu aro. Vanhu vachati rukutu nokutya vakatarira vachiona nhamo dzave kuuya pasi pose nokuti masimba okundenga achazununguka (Ruka 21:25-26).



16 Ipapo **CHIRATIDZO CHOMWANA** womunhu chichaonekwa mudenga. Marudzi ose enyika achachema achiona Mwana womunhu achiuya namasinba nokubwinya kukuru ari mumakore okudenga. Zvino ndipo paachatuma vatumba vake nehvamanda huru huru vagokorodza vakasarudzwa vake vose vari kumativi mana enyika, kubvira pakagumira nyika zvichisvikazve payakagumira kune rumwe rutivi (Mateu 24:30-31; Mako 13:26-27; Ruka 21:27).

17 Zvino kana muchiona zvinhu izvi zvoitika, ibvai maringa kumusoro mubve masimudza misoro yenyu, nokuti kusunungurwa kwenyu kunenge kwava pedyo (Ruka 21:28).

18 Ipapo Jesu akavataurira: "Dzidzai mufananidzo uyu pamuonde. Kana davi romuonde rava kutungira, pfumvudza yobuda, munoziva kuti chirimo chave kuda kusvika. **Saizvozvo nemiwo paya pamunenge moona izvozvi zvoitika, zivai kuti nguva yacho yava pedyo,** watosvika pamusuo (Mateu 24:32-33; Mako 13:28-29; Ruka 21:29-31). Kana zviri zvezuva iroro nenguva iyoyo hapana munhu anozviza, kunyange vatumba vaMwari vokudenga kunyange Mwana, asi Baba voga (Mateu 24:36; Mako 13:32).

19 Sezvakanga zvakaita zvinhu **PAMAZUVA ANOWA** ndizvo zvazvichazoitawo pakuuya kwoMwana womunhu. Nokuti pamazuva iwayo mvura yomurove isati yanaya vanhu vakanga vachidya zvavo nokunwa, vachiwana nokuwanikwa kusvikira pazuva riya rakapinda Nowa mungarava. Vanhu vakanga vasina zvavo chavanoziva kusvikira mvura yomurove yanaya ikavaparadza vose. Ndizvozvo zvichazoitika pakuuya kwoMwana womunhu (Mateu 24:37-39; Ruka 17:26-27).

20 Sezvakanga zvakaite **PAMAZUVA**

AROTI, Vanhu vakadya vakanwa, vakatenga, vakatengesa. Vanhu vakarima vakavaka. Asi nezuva riya Roti raakabuda muSudoma moto neSarufa zvakanaya zvichibva kudenga, zvikaiva zvaparadza vanhu vose. Ndizvo zvazvichaitawo pazuva richasvika Mwana womunhu (Ruka 17:28-30).

21 Yeukai zviya zvomukadzi waRoti. Ani naani anoedza kuti achengete upenyu hwake, ndiye acharasikirwa nahwo, uye ani naani anoramba upenyu hwake ndiye achahuchengeta (Ruka 17:32-33).

22 Ndinokuudzai pausiku ihwohwo kuti vanhu vaviri vachavata pauvato humve, mumwe achaendwa naye mumwe achisiyiwa. Vakadzi vaviri vachadya pamwe chete, mumwe achaendwa naye mumwe achisiyiwa. Vanhu vaviri vachava mumunda mumwe chete, mumwe achaendwa naye mumwe achisiyiwa (Mateu 24:40-41; Ruka 17:34-36). Ipapo Vakamupindura vachiti, "kuri kupiko ikoko nhai Tenzi?" Iye akati kwavari, "Paya panenge pane chitunha ndipo pachaunganawo magora" (Mateu 24:28; Ruka 17:37).

23 RINDIRAI MUCHINAMATA Izvi zvakananana nomunhu akaenda kune imwe nyika akasiya apa varanda vake basa rokuita pamusha pake. Mumwe nomumwe akapiwa basa rake rokuita, ndokurayira murindi womusuo kuti asare achirindira. Naizvozvo nemiwo garai makasvinura nokuti hamuzivi nguva ichauya nayo muridzi weimba. Zvimwe achauya panguva yamadekwana kana pakati pousiku, kana pahuku yomurira kamwe, kana pamambakwedza. Kuti arege kuzongoti pfacha akakuwanai muvete (Mako 13:34-36).

24 "Asi imi zivai kuti dai muridzi weimba aiziva nguva ichasvika mbavha, angadai airinda, haairega imba yake ichipaziwa kwete. Naizvozvo nemiwo garai makazvigadzirira nokuti Mwana womunhu

achauya nenguva yamusingafungi kuti achauya nayo (Mateu 24:43-44).

25 "Ibvai machenjera kwazvo kuti mwoyo yenyu irege kuputirwa nokudyisa nokuraradza nokugara muchingofunga zvinhu zvoupenyu hwuno kuti zuva iroro rirege kukukwidibirai seriva. Chenjerai musvinure munamate, nokuti hamuzivi kuti nguva iyi inosvika rini. Nokuti zuva iroro richabata vanhu vose vagere pasi pose (Mako 13:33; Ruka 21:34-35).

26 Asi nguva dzose garai makangosvinura muchinamata kuti muzogona kunzvenga zvinhu izvozvi zvinenge zvichizoitika, muzogona kuzomira pameso poMwana womunhu. (Ruka 21:36).


27 Zvirokwazvo ndinokuudzai kuti zero ravanhu ava, haringaperi rose zvinhu izvozvi zvisati zvaitika. Denga nepasi zvichapfuura hazvo asi mashoko angu haazopfuuri kwete (Mateu 24:34-35; Mako 13:30-31; Ruka 21:32-33).

Akagara pachigaro cheumambo, Mambo mukuru Jesu Christu ari kuuya zvakare nengiroso nevasande vanoera.

Akadaidzira kwazvo achiti, "Ityai Mwari mumurumbidze nokuti zvino nguva yake yokutonga yasvika. Munamatei iye nokuti ndiye akasika denga napasi negungwa namatsime emvura" (Zvakaraidzwa 14:7)

HAPANA NGUVA YEKUTAMBISA! Humambo wekudenga hwauya. Tendeuka uterere masoko aya akakosha oumambo hwa Jesu Christu.

Gadzirira kugashira Mwari wako!



*Mashoko Akanaka
Iwaya Oumambo
Hwamwari*

